

ASISTANS POU ENÈJI LAKAY

# KONNEN DWA W

**EVITE YO KOUPE  
CHOFAJ LAKAY.**



<b>GRANMOUN</b>	Tout moun nan kay la [eksepte timoun minè ki sou kont granmoun] dwe gen 65 lane oswa plis. Kay la dwe enforme konpayi an. Ou PA bezwen bay prèv difikilte finansye.
<b>MALADI GRAV</b>	Dwe montre ke yon moun (kliyan oswa manm fanmi) malad grav lè li soumèt yon lèt ki soti nan men yon doktè, enfimyè praktisyen, asistan doktè, oswa Konsèy Sante. Dwe sou pousantaj rabè a oswa demontre difikilte finansye. Lèt maladi grav la dwe renouvre chak 90 jou oswa chak 180 jou pou yon maladi kwonik.
<b>MORATWA IVÈ</b>	Aplike nan gaz (si li itilize pou chofe) oswa elektrisite (si li itilize pou fè mache founo, chodyè, tèmosta oswa kontwòl chofaj). Soti 15 novanm rive 15 mas. Dwe demontre difikilte finansye oswa yo dwe sou pousantaj rabè a.
<b>TI BEBE</b>	Yon ti bebe ki poko gen 12 mwa dwe rete nan kay la. Ou dwe soumèt batistè, sètifikasi batèm oswa lòt prèv rezonab ki montre laj li. Dwe demontre difikilte finansye oswa yo dwe sou pousantaj rabè a.

**APLIKE NAN ASISTANS POU GAZ ABCD A POU EDE W PEYE BÒDWÖ CHOFAJ APATI 1ye NOVANM JIS 30 AVRIL!**

**Moun ki rete nan Boston, Brookline, ak Newton**  
ka kontakte Asistans pou gaz ABCD a nan:  
178 Tremont Street, Boston, MA.  
Rele nou nan 617.357.6012  
TTY: 617.423.9215

**Moun ki rete nan Everett, Malden, Medford, Melrose, Stoneham, Winchester, ak Woburn**  
ka kontakte Asistans pou gaz ABCD a nan:  
18 Dartmouth Street, Malden, MA.  
Rele nou nan 781.322.6284

**IJANS CHOFAJ YO:**

**Non sèlman, ou ka kontakte Depatman Enèji ABCD a, ou ka rele:**  
*The United Way: 800.231.4377 oswa rele 211 | The Salvation Army: 617.542.5420*

## LIS MEZI PWOTEKSYON KLE POU MOUN K AP ITILIZE SÈVIS PIBLIK YO.

**MALADI GRAV:** Si gen NENPÒT moun nan kay la (granmoun oswa timoun) ki gen yon maladi grav. Sèvis publik yo pa ka fèmen (epi dwe retabli) sèvis publik lan si nenpòt moun nan kay la gen yon maladi grav. Yon maladi ka fizik (nemoni, elatriye) oswa mantal (depresyon, bipolè, ADHD), kout tèm (egzanp, grip) oswa alontèm (kansè). Konpayi sèvis publik la PA gen dwa pou deside kisa yon maladi grav ye. Tout sa ou bezwen se yon lèt yon doktè, yon enfimyè pratikan, yon asistan doktè, oswa yon Konsèy Sante. Yon apèl nan telefòn nan men doktè a ak konpayi an akseptab okòmansman, si gen yon lèt k ap vini annapre. Ou ta dwe atann epi mande ke sèvis publik yo retabli menm jou a (nan pi move a, jou k ap vini an) chak fwa ou dokimante yon maladi grav, pa telefòn, faks oswa lèt nan men yon doktè. W ap bezwen bay prèv tou ke ou gen yon "difilikte finansye" pou w peye bòdwo. Nenpòt kliyan ki resevwa LIHEAP (Asistans gaz) otomatikman sipoze gen yon difilikte finansye.

**TIMOUN KI POKO GEN 12 MWA:** Si gen yon timoun ki poko gen 12 mwa nan kay la, yon konpayi sèvis publik pa ka sispann sèvis si gen yon timoun piti nan kay la, epi li dwe retabli sèvis ki te sispann si timoun nan te nan kay la nan oswa anvan tan revokasyon an. Ou ka bay batistè, sètifikasi batèm, oswa nenpòt lòt mwayen rezonab pou w pwouve laj timoun nan. "Difilikte finansye" yo dwe montre tou.

**MORATORIUM IVÈ:** Sèvis publik yo pa kapab sispann sèvis ki gen rapò ak chofaj (sa vle di sèvis gaz natirèl, si yo itilize pou chofe kay la; oswa elektrisite si lokatè a peye pou chalè paske yo bezwen elektrisite pou kontwòl founo/chodyè) ant **15 novanm ak 15 mas**, si kay la gen yon "difilikte finansye". Dat sa yo souvan pwolonje jiska 1ye avril oswa 30 avril.

**KLIYAN AJE YO:** Si **chak** moun (eksepte timoun minè ki pran swen ansyen (yo) nan kay la gen 65 an oswa plis, konpayi an bezwen apwobasyon eksplisit DPU (Depatman Sèvis Publik) pou mete fen nan sèvis la, ki prèske pa janm. akòde. TOUJOU fè konpayi an konnen si tout moun nan kay la gen 65 an oswa plis. Si sèvis yo te sispann li ta dwe retabli.

**RABÈ YO:** TOUJOU detèmine si ou sou pouvantaj rabè pou ti revni. Lè ou gen dout rele konpayi an pou wè si ou se sou pouvantaj la. Li trè fasil pou konpayi an tcheke. Pouvantaj rabè yo mande dapre lalwa e tout konpayi yo genyen yo. Kliyan ki sou Asistans gaz yo kalifye pou rabè a epi anjeneral yo pral jwenn rabè a otomatikman atravè ajans Asistans gaz la ki fè sèvis publik la konnen. Kliyan sou TAFDC, Koupon pou Manje, Mass. Pwogram sante, WIC ak lòt pwogram tès revni yo elijib tou, men yo ka oblige aplike nan sèvis publik la dirèkteman; kèk nan yo pral otomatikman enskri (jwenn aplikasyon pou pouvantaj rabè a sou entènèt la).

**PLAN PEMAN:** TOUT kalifye pou PLAN PEMAN. Sa a pèmèt yon moun ki anreta sou peman bòdwo yo fè peman yo sou plizyè mwa Si w poko revoke, konpayi an DWE ofri yon plan peman pou Omwen kat mwa. Gen kèk plan peman ki dire 12 mwa oswa plis. Si ou revoke, règ yo pa ase favorab, epi yo pi sevè pandan sezón otòn la (paske moratwa ivè a ap kòmanse epi konpayi yo pi agresif nan eseye fèmen sèvis). TOUJOU ensiste sou yon plan peman ke ou kapab peye.

**RABÈ/JESYON ANRETA:** Kote dèt sèvis publik yo anile pandan y ap respekte yon plan peman estriktire. Pou plis enfòmasyon sou plan sa a, rele sèvis publik ou a:

**NGRID GAS 1-800-233-5325. EVERSOURCE 1-866-315-2496.**

**CROMWELL WAIVER:** Yo pa ka refize w sèvis akòz yon balans ki te pase nan yon ansyen adrès lè w mande sèvis nan yon nouvo adrès. Si yo refize w sèvis, mande yon "Cromwell Waiver" nan men sèvis publik la. Yon pwosesis ap swiv kote ou pral oblige mete sou pye yon plan peman.

**KONFÒMITE SÈVIS PIBLIK YO:** Si w gen pwoblèm pou w jwenn yon sèvis publik pou konfòme w avèk nenpòt nan pwoteksyon oswa pwogram ki dekri pi wo a, rele Divizyon Konsomatè DPU a (Department of Public Utilities) nan **1-877-886-5066**. Reprezantan telefòn premye liy lan dwe entèvni sou non w. Sinon, mande pou pale ak sipèvizè li.